

Vaksen COVID-19 – Monovalan kont Bivalan

**Vaccinate
WA**
CovidVaccineWA.org



Ou petèt tande tèm "monovalan" oswa "bivalan" itilize pou dekri vaksen COVID-19. Ann pale de diferans ki genyen ant 2 tip vaksen sa yo, e de enpòtans pou w pran yon rapèl bivalan mizajou lè ou kalifye.

Ki diferans ki genyen ant vaksen monovalan ak bivalan?

Yon vaksen monovalan se yon vaksen avèk yon sèl souch oubyen eleman yon viris.

Yon vaksen bivalan se yon vaksen avèk de souch oubyen eleman yon viris.

Ki vaksen COVID-19 ki monovalan, e kiyès ki bivalan?

Vaksen orijinal COVID-19 pou tout premye seri yo ak rapèl orijinal yo monovalan. Vaksen sa yo te kreye a pati souch orijinal viris ki te bay maladi COVID-19 la.

Rapèl COVID-19 Pfizer ak Moderna mizajou yo bivalan Yo te kreye ak souch orijinal COVID-19 la, epi nouvo souch varyan omicron yo, BA.4 ak BA.5.

Eske vaksen bivalan yo pi efikas ke monovalan yo?

Premye esè klinik pou rapèl mizajou yo montre ke boustè COVID-19 bivalan yo bay pwoteksyon ki plis elaji kont maladi COVID-19 la ke rapèl monovalan yo e yo kapab alonje peryòd pwoteksyon kont maladi grav ak/oubyen lanmò, espesyalman kont varyan omicron an.

Rapèl Novavax la monovalan e li disponib pou granmoun ki te konplete yon premye seri men ki pat deja resevwa yon rapèl COVID-19 - epitou si yo pa kapab oubyen pap resevwa yon rapèl bivalan mRNA a mizajou . Rapèl Novavax **pa sible souch varyan omicron yo.*

Poukisa li enpòtan pou pran yon rapèl bivalan?

Li enpòtan pou pran yon rapèl bivalan paske se sèl kalite vaksen COVID-19 ki te kreye pou pwoteje kont pi gwo souch omicron COVID-19 ki ap sikile kounye a nan Etazini

Eske mwen ta dwe pran yon rapèl bivalan si mwen te deja genyen COVID-19 oubyen te deja pran yon rapèl monovalan anvan?

Wi, li rekòmande pou ou pran yon rapèl bivalan mizajou si ou kalifye menmsi ou te deja genyen COVID-19 oubyen yon rapèl monovalan anvan. Pou pi gwo efikasite, moun ki te fenk genyen COVID-19 kapab konsidere retade nenpòt vaksinasyon COVID-19, sa enkli doz rapèl mizajou yo, pou 3 mwa apati de lè sansasyon yo te kòmanse oswa tès la te pozitif.

Eske mwen ta dwe pran yon mak spesifik pou rapèl bivalan mwen an?

Timoun 6 mwa - 4 lane ta dwe resevwa yon doz bivalan mizajou ki menm mak ak premye seri li yo.

Timoun 5 lane ki te pran yon Pfizer nan premye seri yo ka resevwa sèlman yon doz rapèl Pfizer mizajou

Timoun 5 lane ki te pran yon Moderna nan premye seri yo ka resevwa yon rapèl bivalan Moderna oubyen Pfizer mizajou.

Moun 6 lane e plis ka resevwa yon rapèl bivalan Moderna oubyen Pfizer kèlkeswa mak li te resevwa nan premye seri yo.